# TALABALARDÍŃ SOCIALLÍQ BEYIMLESIWINDE KOMMUNIKATIV KÓNLIKPELERDI RAWAJLANDÍRÍWDÍŃ ÁHMIYETI

**A.R.Risnazarova** – *oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq instituti*

**Tayanch so‘zlar:** talabalar, ijtimoiy moslashuv, pedagogika, kommunikatsiya, ko‘nikma, omil.
**Ключевые слова:** студенты, социальная адаптация, педагогика, коммуникация, навыки, фактор.
**Key words:** students, social adaptation, pedagogy, communication, skills, factor.

Insan resursların rawajlandırıw-bul oqıw hám jumıs procesi nátiyjeligin arttırıw ushın talabalardıń bilim hám kónlikpelerin arttıratuǵın oqıtıw usılların jetilistiriw, túrli treningler, seminarlar hám mamanlıǵın arttırıw kursların shólkemlestiriw hám tarawǵa turaqlı túrde investiciyalar kirgiziw arqalı alınatuǵın payda bolıp tabıladı. Jáhánniń rawajlanǵan mámleketleriniń tálim tájiriybesi sonı kórsetedi, mektep yaki joqarı oqıw ornına birinshi kelgen oqıwshı yaki talaba ushın dárxal oqıw procesi baslanbaydı. Olarǵa bir-eki hápte beyimlesiw ushın waqıt beriledi. Bul dáwirde olarǵa qaǵıydalar túsindiriledi, oqıw imaratı menen tanıstırıladı, oqıw ornında jaratılǵan jaqsı sharayatlar, imakaniyatlar menen tanıstırıladı. Bul talabalarda oqıw procesine tez úyrenisiw, ózin alıp ketiwde úlken rol oynaydı.

Talabalardıń sociallıq beyimlesiwinde kommunikativ kónlikpelerdi rawajlandırıwdıń áhmiyetide joqarı. Sociallıq beyimlesiw qurallarına tómendegiler kiredi:

* normativlik-huqıqıy hújjetler;
* mákemelerdiń oqıw-materiallıq bazası ;
* kompyuter hám basqa texnikalıq qurallar ;
* kórkem óner dóretpeleri hám basqalar.

Social beyimlesiwge járdem beriw procesinde aktiv usıllar qollanıladı, olarǵa treninglar, biznes hám rol oynaw oyınları, «aqlıy hújim" metodı, dizayn, modellestiriw hám basqalar kiredi. Olardıń xarakterli qásiyetleri dialogik, iskerliginiń dóretiwshilik tábiyatı, qıyın jaǵdayda shaxstı qollap-quwatlawǵa qaratılǵan. Búgingi kúnde kópshiliktiń, ásirese, oqıwshı jaslardıń da, oqıtıwshılardıń da kompyuter boyınsha sawatlılıǵın arttırıwǵa degen qızıǵıwshılıǵı kúsheydi. Zaman talabına say óz ústinde rawajlanıwı, ózgerislerge tayar turıw hám tez sociallıq beyimlesiw qábiletlerin jetilistiriwleri ushın túrtki boldı. Bul unamlı nátiyje. Kompyuter sawatlılıǵı sociallıq beyimlesiwdiń eń áhmiyetli qurallarınıń biri esaplanadı.

Kommunikativ kónlikpeler-bul maǵlıwmat almasıw, sóylesiw, múnásiybet ornatıwǵa múmkinshilik beretuǵın kónlikpeler kompleksi. Talabalardıń kommunikativ kónlikpelerine tıńlay alıw, soraw bere alıwı, óz pikirin erkin bayan ete alıwı, jámáátte yaǵnıy komandada isley alıw qábiletleri kiredi. Bulardıń hámmesi talabalarǵa pándi jaqsı ózlestiriwge, mashqalanı durıs túsiniwge hám onı birgelikte sheshe alıwǵa járdem beredi. Álbette, bul proceste oqıtıwshınıń ornı oǵada úlken. Ol talaba soraw bergende onı toqtatpawı hám sorawǵa juwap qaytarıwı oǵada áhmiyetli. Sonday aq, «Aqlıy xújim», «Delfi», «Pattern», «Muz jarǵısh», «SWOT» metodların hám texnologiyaların ótiw talabalarda kommunikativlik qábiletin asırıwǵa járdem beredi.

Máselen baylanıs qábileti bul ushırasıw, tanısıw hám qatnaslardı bekkemlew qábileti bolsa, aktiv tıńlaw -bul tek ǵana sáwbetlesti tıńlaw emes, bálki onı túsiniw hám buni kórsete alıw qábileti esaplanadı.

Sociallıq beyimlesiw - individtıń sociallıq ortalıqqa turaqlı túrde aktiv beyimlesiw procesi hám bul processtiń nátiyjesi bolıp esaplanadi. Sociallıq beyimlesiw úzliksiz ózi tánlikke iye ekenligine qaramastan, onı ádette, individtıń óz xızmetin hám ózin orap turǵan sociallıq ortalıǵın ózgertiw dáwiri menen baylanıstıradı. Beyimlesiw procesiniń sociallıq ortalıqqa aktiv tásir etiw kórinisi. Sociallıq beyimlesiw shaxstıń sociallasıwınıń tiykarǵı sociallıq-psixologik faktorlardan biri bolıp tabıladı. Sociallıq beyimlesiwdiń nátiyjeliligi kóbinese talaba ózin hám óziniń sociallıq baylanısların qanshelli uqsas (adekvat) ańlawǵa baylanıslı. Ózi xaqqındaǵı sociallıq kózqarastıń qáteliligi yaki jeterli emesligi Sociallıq beyimlesiwdiń buzılıwına alıp keledi, bul halat ashınarlı jaǵdaylarǵa da alıp keliwi múmkin. Máselen, autizm (individtıń átirapındaǵılar menen baylanıstan qashıp, óziniń ishki keshirmeleri dúnyasına sińip ketiwi) sıyaqlı. Sociallıq beyimlesiw mashqalası jáhan psixologiyasında psixoanaliz, autizm, deprivaciya sıyaqlı, ilmiy baǵdarlarda izertlenedi. Bunda tiykarǵı itibar beyimlesiwdiń buzılıwına (ruwhıy tárepten buzılıwlar, uzaqlasıw, apatiya, alkogolizm, náshebentlik h.t.b) hám onı dúzetiw (korrekciyalaw)diń psixoterapevtik metodlarına, autotrening, sociotrening sıyaqlı qurallarǵa baǵdarlandırıladı. Sociallıq ortalıqqa talabanıń kirisip ketiwi onıń minez-qulqı, iskerligi, átirapındaǵılarǵa qatnası arqalı júz berse beyimlesiwdiń jetikligi kelip shıǵadı. Talabanıń úlken yaki kishi toparlar ortalıǵına beyimlesiwi rawajlanıwdı tezletedi, tálim-tárbiya procesin jaqsılawǵa járdem beredi. Sociallıq beyimlesiw barlıq dawirlerdede úlken ahmiyetke iye bolǵan.

**Beyimlesiw** bul – organizmlerdiń ishki hám sırtqı dúzilisi, organlar funkciyası, minez-qulqı hám tirishilik táriziniń belgili jasaw ortalıǵınıń jaǵdayına beyimlesiwi. Barlıq tiri organizmlerde ibarat bolǵan ózine tán beyimlesiw belgileri olardıń ózi jasap turǵan ortalıqta jasap qalıwı, tirishilik ushın gúreste jeńip shıǵıwı, normal násil qaldırıp óz belgilerin keyingi áwladlarına jetkeriwleri ushın imkaniyat tuwıladı. Beyimlesiw organizmlerdiń jasawshańlıǵı, básekilesiwsheńligi hám normal násil qaldırıwı menen tuwrı baylanıslı. Jasawshańlıq degende organizmlerdiń ózi tarqalǵan ortalıqta genotipin keskin ózgertpegen halda normal jasawı túsiniledi [4:7]. Básekilik organizmlerdiń óli hám tiri tábiyat, solardan azıq tabıw, basqa jınıs penen qosılıw, jasaytuǵın jerin iyelewdegi qarsılıqların jeńiwi. Násil qaldırıw bolsa organizmlerdiń órshiwiniń normal bolıwı menen baylanıslı. Beyimlesiwdiń bul úsh komponenti óz ara baylanıslı bolıp, tábiyiy tańlaw arqalı quralǵan evolyucion nátiyje bolıp esaplanadı. Sırtqı ortalıq jaǵdayları hár túrli bolǵanlıǵı sebepli, organizmlerdegi beyimlesiw belgileri de hár túrli boladı

Tartıslı halatlardı sheshiw – bul sáwbetlesler arasındaǵı dawlı máselelerdi sheshiw hámde kelisimge keliw qábiletine qaratılǵan uqıp esaplanadı. Tap usı maqsette jańa informaciya texnologiyaları hám kompyuter programmalarınan paydalanıw, qánigelerdiń ulıwma maǵlıwmatı hám kásiplik mamanlıǵınıń sapasın asırıw ushın jáhán úlgilerine juwap beretuǵın texnologiyalardı tálim procesine qollanıw zárúrli áhmiyetke iye boladı [1:2160]. Úzliksiz tálim sistemasında zamanagóy informaciya texnologiyalarınıń qollanılıwı oqıtıw procesinde pedagogikalıq uqıptı asırıw zárúrshiligi aktiv rawajlanıp atırǵan pedagogikalıq informatikanıń qáliplesiwine túrtki boldı. Zamanagóy kompyuterlerdegi grafik interfeys, ápiwayı baylanıs quralları hám basqa múmkinshiliklerdiń bar ekenligi barlıq tarawdıń qánigelerine kompyuter menen qıyınshılıqsız ushırasıw imkaniyatın beredi [2:3].

Bilimlendiriw sistemasına kompetentli jandasıw islerin birinshi náwbette ulıwma bilim beriw mekteplerinde xızmet etip atırǵan oqıtıwshılardıń pedagogikalıq kompetentligin rawajlandırıwdan hám de bolajaq pedagog kadrlardıń kásip sırların meńgeriwge baǵdarlawdan baslaw logikalıq mazmunǵa iye. Sebebi búgingi rawajlanıw, informaciyalar aǵısı dáwiri, sonday-aq bilimlendiriw tarawın modernizaciyalaw sharayatında miynet bazarında básekige shıdamlı, óz kásibin tolıq meńgere alatuǵın, jeke pikiri hám poziciyasına iye, jańasha pikirleytuǵın, dúnyaqarası keń,

izleniwsheń kompetentli pedagoglarǵa bolǵan talaptı kúsheytpekte. Talabalıq dáwirde kásiptiń sırları boyınsha iyelegen bazalıq bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlar pedagoglardıń kásiplik kompetentlikke erisiwi ushın ulıwmalıq fundament jaratıp beriwge qaratılǵanlıǵı málim, biraq bunday bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlar pedagogikalıq processlerde jáne de rawajlandırılıp barılıwı tiyis [3:131].

Juwmaqlap aytqanda, talabalardıń sociallıq ortalıqqa beyimlesiwinde kommunikativ kónlikpelerdi rawajlandırıwdıń áhmiyeti joqarı. Bunda joqarıda keltirip ótilgen faktorlardıń barlıǵı sebep boladı.

### Ádebiyatlar


1. Gaynazarova G. Ijtimoiy moslashuv va uning pedagogik omillari. Sciense and innovation. UIF 2022. 8.2 ISSN 2181.

2. Pedagoglarda kommunnikativ ko‘nikmalarni rivojlantirish texnologiyalari astanova dilsuz omonovna science and innovation international scientific journal VOLUME 1 ISSUE 6 UIF-2022: 8.2 | ISSN: 2181-3337.

3. *Kurbaniyazova Z.K., Turdibaeva Z.J.* BASLAWISH KLASS OQITIWSHILARINIŃ KÁSIPLIK KOMPETENTLIGIN RAWAJLANDIRIW JOLLARI/ Baslawısh tálimdi kompetenciyalıq shólkemlestiriw: teoriya hám ámeliyat» atamasındaǵı Online xalıqaralıq ilimiy-teoriyalıq konferenciya materialları. –Nókis: NMPI baspaxanası, 2020.

4. https://kaa.wikipedia.org/wiki/Beyimlesiw



**REZYUME.** Maqolada talabalarning kommunikativ ko‘nikmalarini rivojlantirish ijtimoiy moslashuv vositasi sifatida misollar keltiriladi. Shuningdek, ularning kelib chiqish sabablari va omillari haqida so‘z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье приводятся примеры развития коммуникативных навыков среди студентов как средства социальной адаптации. Также приводятся причины и факторы их возникновения.

**SUMMARY.** The article provides examples of the development of communication skills among students as a means of social adaptation. The reasons and factors of their occurrence are also given.


## ОРФОЭПИЧЕСКАЯ КОМПЕТЕНЦИЯ В СТРУКТУРЕ КОММУНИКАТИВНОГО ВЗАИМОДЕЙСТВИЯ


**Н.К.Саримсакова –** *старший преподаватель*

**Г.Т.Хакимова –** *начальник главного управления по надзору качества образования*

*Ташкентский международный университет финансового управления и технологии*



**Таянч сўзлар:** рус тили, орфоэпик компетенция, нутқ фаолияти, талаффуз нормалари, нутқнинг ўзаро таъсири.

**Ключевые слова:** русский язык, орфоэпическая компетенция, речевая деятельность, произносительные нормы, речевое взаимодействие.

**Key words:** Russian language, orthoepic competence, speech activity, pronunciation norms, speech interaction.


Проблема формирования орфоэпической компетенции является широко дискутируемой в области современных научных исследований, в научной и научно-методической литературе.

Теоретико-методологические подходы к изучению взаимовлияния узбекского и русского языков, а также равноценного владения ими с позиций проявления феномена интерлингвистики на современном этапе развития высшего образования отражают тенденции современных социокультурных, социально-экономических и политических преобразований, происходящих в Узбекистане. Образующееся новое лингвистическое пространство начинает востребовать соответствие и определение его как интегрированного мирового.

Расширение связей сотрудничества с другими государствами и, в частности, с Россией, предопределяет основные векторы развития интеграции феномена интерлингвистики в профессиональный дискурс. Так, если межнациональная составляющая ведущих образовательных учреждений ориентирована на формирование новой лингвокультурной реальности, основанной на приближении к европейским стандартам и подходам к изучению языков в рамках начальной профессиональной самореализации, то для вузов Узбекистана, которые ориентированы на изучение русского языка как иностранного, обучение на нем, осуществляется лишь на специализированных (языковых) факультетах.

Обучение русскому языку как иностранному должно становиться интегративной лингвистической системой, в которой русский язык необходимо рассматривать как объект предметно-языкового феномена, экстраполируемого в сферу профессионального образования в неязыковых вузах.

В структуре языковой компетенции в контексте освоения русского языка как иностранного выделяют следующий ряд составляющих относительно самостоятельных компонентов: лексическую, грамматическую, семантическую, фонологическую, орфографическую и орфоэпическую компетенции. Важность их формирования в рамках языковой подготовки неоспорима.

Каждый из компонентов языковой компетенции определяет особую функцию коммуникативного взаимодействия, среди которых в условиях современных реалий поликультуризации профессионального сообщества особое внимание направлено на формирование орфоэпической компетенции.

Орфоэпическая компетенция, т.е. процесс её формирования, неотделим от формирования фонологических навыков, в контексте чего орфоэпическая компетенция становится опосредованной артикуляционно-акустическими характеристиками, фонетической организацией лексем и т.п.

На этапе формирования орфоэпической компетенции мы сталкиваемся с понятием интерференции. При изучении русского языка узбекские студенты переносят знания узбекского языка на русский, посредством чего происходят изменения в произношении русских слов под влиянием узбекских.

Говоря о понятии «орфоэпическая компетенция», обратимся к контент-анализу, а также частотно-структурной специфике, которые позволят выделить ряд наиболее существенных характеристик, отражающих сущность феномена произношения в рамках успешной профессиональной коммуникации.

**Таблица. Структурно-частотный анализ понятия «орфоэпическая компетенция», встречающегося в различных теоретических и прикладных научных исследованиях**

| Определение понятия | Источник | Основные Элементы (лексемы) понятия |
|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 |
| Орфоэпическая компетенция – это совокупность правил, устанавливающих единообразное произношение, соответствующее принятым в данном языке произносительным нормам. | [1. С. 180 (448)] | 1. Произносительная система.<br>2. Ориентирование на московское произношение.<br>3. Московские орфоэпические нормы. |